

**Oto-Sifizans Familyal (FSS)
Kontra Patisipasyon nan
Pwogram nan
Vawchè pou Chwa Lojman
Pwogram Lojman Piblik ak Endyen**

Depatman Lojman ak Devlopman
Iben Lèzetazini

No. Apwobasyon OMB 2577-0178
(eksp. 07/31/2010)

Biwo Lojman Piblik ak Endyen

Kontra patisipasyon sa a pou Pwogram Oto-Sifizans Familyal la pase ant

_____, Ajans Lojman (HA), avèk

_____, chèf fanmi FSS.

“Fanmi FSS” la genyen ladan n tout moun ki nan kay la e kontra sa a itilize mo “fanmi” pou l pale de “fanmi FSS” la.

Tip Pwogram FSS.

Fanmi a patisipe nan : (make yon sèl pwogram)

Pwogram FSS pou Vawchè pou Chwa Lojman

Pwogram FSS pou Lojman Piblik

Pwogram FSS pou Lojman Endyen

Objektif Kontra a

Objektif kontra sa a se deklare dwa ak reponsablite fanmi an ak HA a, resous ak sèvis dapui fanmi an dwe resevwa, ak aktivite fanmi an dwe mennen.

Dire Kontra a

Kontra sa a ap antre an aplikasyon nan dat _____.

Kontra sa a pral pran fen nan dat _____.

HA a gen dwa pwolonje kontra a pou jiska 2 zan si fanmi an fè HA a yon demand ekri pou yon pwolongasyon e si HA a twouve genyen bon jan rezon ki jistifye pwolongasyon an.

Resous ak Sèvis Dapui

Pandan dire kontra a, HA a pral eseye fè fanmi an jwenn resous ak sèvis ki sou lis ki nan plan fòmasyon pèsònèl ak sèvis la. Si resous ak sèvis yo pa disponib, HA a va eseye fè fanmi an jwenn lòt resous ak sèvis. Sepandan, HA a pa gen okenn obligasyon vizavi fanmi an si fanmi an pa jwenn resous ak sèvis.

Kont Kondisyonèl FSS

HA a va ouvè yon “kont kondisyonèl” pou fanmi an. Yon pati nan ogmantasyon lajan lwaye a (akoz ogmantasyon lajan fanmi an ap fè), va ale nan kont kondisyonèl la, dapre règleman HUD.

Pi ba, nou pral fè yon lis ki gen ladan n salè anyèl fanmi an, lajan fanmi an touche pou dyòb li fè, avèk lajan lwaye a lè fanmi an te kòmanse Pwogram FSS la. Kantite lajan sa yo va sèvi pou detèmine lajan ki prale nan kont kondisyonèl FSS fanmi an akoz ogmantasyon ki va fèt nan lavni nan lajan fanmi an ap touche.

Lajan fanmi an fè pa ane \$ _____

Lajan fanmi an touche \$ _____

Lajan lwaye fanmi an (Lajan total lokatè yo peye oubyen, nan ka pwogram HCV a, 30% revni mansyèl ajiste la) \$ _____

HA a va investè lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la nan

investisman ke HUD apwouve.

HA a va bay fanmi an yon rapò sou lajan ki nan kont kondisyonèl fanmi an omwen yon fwa pa ane.

Si fanmi an ap patisipe nan pwogram HCV a epi li bwote al rete andeyò jiridiksyon HA a dapre règleman HCV sou transfè dosye lokatè a, HA a gen dwa transfere rès lajan ki nan kont kondisyonèl fanmi a bay yon lòt HA.

Retre Lajan ki nan Kont Kondisyonèl FSS la

HA a gen dwa bay fanmi an pèmision pou l retire lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la anvan kontra a fini, si fanmi an reyalize kèk objektif pwovizwa done --objektif ke HA te fikse-- epi si fanmi an bezwen moso nan lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la pou l kapab fini kontra a (pa egzanp, pou l peye pou lekòl).

HA a va remèt chèf fanmi an lajan ki nan kont kondisyonèl FSS fanmi an, mwens tout kòb fanmi an ta dwe HA a, lè:

- (1) HA detèmine fanmi an fini kontra a, epi
- (2) Nan moman kontra a fini an, chèf fanmi an bay HA a yon sètifika ekri ki di okenn manm fanmi an p ap resevwa asistans sosyal (Wèlfè). Pou Pwogram FSS la, wèlfè vle di èd lajan moun resevwa nan pwogram Federal ou pwogram eta, e sa gen ladan n sèlman lajan ki sèvi pou ede fanmi an satisfè bezwen premye nesosite l yo.

Si chèf fanmi an kite kay k ap resevwa wèlfè a, rès fanmi an kapab deziye yon lòt manm fanmi an pou resevwa lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la, men se aprè rès fanmi an va fin pran kontak ak HA a.

Pèt Kont Kondisyonèl lan

Fanmi an p ap resevwa lajan li genyen nan kont kondisyonèl FSS la, lè:

- (1) Kontra Patisipasyon an revoke,
- (2) Kontra Patisipasyon an deklare nil; oubyen
- (3) fanmi an pa respekte reponsablite li yo pandan tout dire ki ekri nan kontra sa a.

Responsablite Fanmi an

Chèf fanmi an gen pou devwa:

- o Chache jwenn e kenbe yon travay apwopriye lè l fini ak pwogram fòmasyon pou travay ki nan plan fòmasyon pwofesyonèl ak sèvis la. Lè HA a fin pran kontak ak chèf fanmi an, li va detèmine ki travay ki apwopriye dapre talan, nivo lekòl ak fòmasyon pwofesyonèl moun sa a, ak kalite travay mache a ofri nan rejyon an.

Chèf fanmi an ak manm fanmi an ki, an akò ak HA a, deside patisipe nan yon plan fòmasyon pwofesyonèl ak sèvis, gen pou obligasyon:

- o Fin konplete aktivite yo nan dat ki sou lis ki nan plan fòmasyon pwofesyonèl ak sèvis la.
- o Bay HA a ak HUD enfòmasyon sou patisipasyon fanmi an nan pwogram FSS la dekwa pou yo ede HA a ak HUD evalye pwogram FSS la. Sa kapab gen ladan n enfòmasyon sou travay, sou entèvyou pou travay, fòmasyon, lekòl moun nan frekante, ak lòt sèvis ak aktivite FSS ofri.

Tout manm fanmi an gen pou devwa:

- o Respekte kondisyon ki nan kontra-lwaye a.
- o Si yo nan wèlfè, yo dwe sòti nan pwogram wèlfè a e rete andeyò tout pwogram wèlfè pandan 12 mwa pou pi piti anvan kontra a pran fen.
- o Si fanmi an ap patisipe nan pwogram HCV a, li dwe respekte obligasyon fanmi an genyen nan kad pwogram HCV a, epi rete nan jiridiksyon HA ki te fè fanmi an antre nan pwogram FSS la pandan 12 mwa pou pi piti aprè kontra a te antre an aplikasyon, sof si premye PHA a apwouve yon demand fanmi an fè pou l bwote kite jiridiksyon an dapre règleman sou transfè dosye lokatè a.

Pinisyon nan ka yon Fanmi pa Respekte Responsablite li

Si yon manm kèlkonk nan fanmi an pa respekte responsablite kontra sa a ba li, fanmi an p ap resevwa lajan li genyen nan kont kondisyonèl FSS la, e HA a gen dwa:

- (1) sispann bay fanmi an sèvis pou ede li,
- (2) mete fen nan patisipasyon fanmi an nan pwogram FSS la, epi
- (3) mete fen nan asistans fanmi an ap resevwa pou l patisipe nan pwogram HCV a —si fanmi an ap patisipe nan pwogram sa-a- men HA a ka fè sa sèlman lè règleman HUD yo pèmèt li fè sa

Responsablite HA a

- o Eseye jwenn nan men sektè piblik la ak sektè prive a sous asistans pou ede fanmi an.
- o Ouvè yon kont kondisyonèl FSS pou fanmi an, investi lajan ki nan kont kondisyonèl la, e bay fanmi an yon rapò sou valè lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la o-mwen yon fwa chak ane.
- o Si posib, detèmine ki objektif pwovizwa fanmi an fèt pou reyalize anvan pou li resevwa yon pati kèlkonk nan lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la; epi bay fanmi an yon pati nan lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la si HA a detèmine fanmi an reyalize objektif pwovizwa presi sa yo e fanmi an bezwen pran nan lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la pou l ka fin konplete kontra a.
- o Detèmine si fanmi an fin konplete kontra a.
- o Peye fanmi an lajan li genyen nan kont kondisyonèl FSS la, si fanmi an fin konplete kontra a e si chèf fanmi an prezante yon sètifika ekri ki di okenn manm fanmi an pa nan wèlfè.

Kijan yon Fanmi Fin Konplete Kontra Patisipasyon an

Yon fanmi konplete patisipasyon n nan kontra a lè HA a detèmine:

- (1) Fanmi an fin satisfè tout responsablite kontra a ba li; oubyen
- (2) 30 pou san revni mansyèl ajiste fanmi an egal oubyen depasepri nòminal ki sou Mache Lwaye Kay la pou yon lojman ki gen dimansyon ki koresponn ak kay fanmi an kalifye pou li a.

Eliminasyon Kontra Patisipasyon an

HA a gen dwa mete fen nan kontra sa a si:

- (1) fanmi an ak HA a dakò pou yo mete fen nan kontra a;
- (2) HA a detèmine ke fanmi an pa respekte responsablite kontra sa a ba li;
- (3) fanmi an deside kite pwogram FSS la;
- (4) akòz yon aksyon ki pa koresponn ak objektif pwogram FSS la; oubyen
- (5) HA a gen pèmasyon pou l mete fen nan kontra a dapre règleman HUD yo

HA a gen dwa deklare kontra sa a nil e san valè si resous ak sèvis ki nesèsè pou konplete kontra a pa disponib.

HA a gen pou voye bay chèf fanmi an yon avi ki anonse kontra a pran fen oubyen li anile. Avi a dwe presize pou ki rezon HA a pran desizyon pou l mete fen nan kontra a oubyen anile li.

Si HA a mete fen nan kontra oubyen deklare li nil e san valè, fanmi an pa gen pyès dwa pou l resevwa lajan ki nan kont kondisyonèl FSS la. HA a fèt pou fèmen kont kondisyonèl FSS fanmi an e li ka sèvi ak lajan an pou l reyalize objektif ki an akò ak règleman HUD yo.

Si fanmi an ap patisipe nan pwogram HCV a, HA a va mete fen nan kontra a si fanmi an bwote al rete andeyò jiridiksyon HA a dapre règleman sou transfè dosye lokatè yo, e si fanmi an antre nan pwogram FSS yon lòt HA.

Si fanmi an ap patisipe nan pwogram HCV a, pwogram sa a ap pran fen otomatikman si fanmi an pèdi asistans l ap resevwa a dapre règleman HUD yo.

Konfli avèk Règleman sou Lwaye Lojman Piblik ou Endyen.

Si yon pati nan kontra sa a kontredi règleman sou lwaye lojman publik ou endyen an, se kontra-lwaye a k ap prime.

Respè pou Règleman ak Egzijans HUD yo

Yo dwe entèprete e aplike kontra patisipasyon an dapre règleman ak kondisyon HUD yo. HA a kapab pote koreksyon nan dire kontra ak chif yo —tankou revni ak pri lwaye ki sou paj 1 an – pou respekte règleman ak kondisyon HUD yo. HA a dwe fè fanmi an konnen pa ekri tout chanjman ki fèt pou l ajiste kontra a.

Siyati :

Fanmi

(Siyati chèf fanmi an)

(Dat Siyati a)

Ajans Lojman

(Non Ajans Lojman an)

(Siyati yon ofisyèl Ajans Lojman)

(Tit Ofisyèl)

(Dat Siyati a)

Dokiman sa a se tradiksyon yon dokiman legal HUD pibliye. HUD mete tradiksyon sa a a la dispozisyon ou kòm yon senp mwayen konvenab pou ede w konprann dwa w ak obligasyon w. Vèsyon dokiman sa a ki nan lang angle, se sèl dokiman ki ofisyèl, legal e ki gen valè. Dokiman tradui sa a se pa yon dokiman ofisyèl.